Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA AP CHÈCHE KONPAYI POU KONSTWI JISKA 2,390 VAGON METWO, PI GWO KÒMAND VAGON METWO KI JANM FÈT

Nouvo vagon sa yo vin posib gras ak Gouvènè Hochul ki finanse nèt Plan Kapital MTA a pou 2025-2029

Plan Kapital MTA a gen ladan l pi gwo envestisman ki janm fèt nan nouvo vagon metwo ak chemennfè

Nouvo vagon yo pral ranplase flòt ki sou liy 1, 3 ak 6 yo; si opsyon yo itilize, yo t ap ranplase tou tout vagon sou liy 2, 4 ak 5 yo

Kontinye efò MTA ap fè pou modènize materyèl woulan an epi amelyore fyabilite sèvis la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap chèche pwopozisyon nan men fabrikan vagon tren pou pi gwo kontra vagon metwo nan istwa li, ak yon kòmann debaz 1,140 vagon metwo pou ranplase flòt R62 ak R62A k ap opere sou liy 1, 3 ak 6 yo; epi si yo itilize opsyon pou achte 1,250 vagon anplis yo, sa t ap pèmèt ranplase vagon R142 ak R142A yo sou liy 2, 4 ak 5 yo.

"Plizyè milye nouvo vagon metwo, ak yon pi bon sèvis ansanm ak yon trajè ki pi fyab pou plizyè milyon moun chak jou — se sa nou ka reyalize lè nou envesti nèt nan transpò piblik," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou nan mitan yon renesans transpò piblik nan Nouyòk, ak kantite pasaje k ap ogmante, pi bon sèvis nou wè depi yon jenerasyon, ak envestisman istorik pou modènize sistèm vital vil nou an. Lè nou mete plis tren ak pasaj ouvè ant vagon yo nan rezo metwo a, nou ka fè vrè amelyorasyon nan sekirite pasaje yo ak eksperyans yo an jeneral."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Gras ak Gouvènè Hochul, MTA a genyen yon Plan Kapital istorik 68 milya dola pou peryòd 2025-2029, epi Nouyòkè yo ap temwen yon laj dò nan envestisman nan transpò piblik. Yon gwo pati nan envestisman kapital nou yo pa toujou vizib, men pwochen kòmann machin metwo sa a — pi gwo nou janm fè — se yon etap enpòtan pou montre aklè sistèm transpò modèn Nouyòkè yo merite."

An total, kontra a gen ladan 2,390 nouvo machin metwo — sa vle di plis machin pase tout flòt metwo Otorite Transpò Chicago (Chicago Transit Authority) a ak Otorite Transpò Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transit Authority) yo mete ansanm. Nouvo vagon yo, modèl R262, pral finanse pa Plan Kapital MTA a pou peryòd 2025-2029, ki te resevwa yon finansman istorik 68 milya dola nan men Gouvènè Hochul ak Asanble Lejislatif Eta a nan bidjè eta ane fiskal 2026 yo te adopte a. Plan Kapital sa a reprezante pi gwo envestisman nan nouvo materyèl woulan nan tout istwa MTA a. Acha sa a gen ladan l tou fon ki te disponib atravè Plan Kapital 2020-2024 la, ki jwenn sipò revni ki soti nan tarif konjesyon an.

Avèk yon nouvo Pwogram Materyèl Woulan an plas, MTA a te abòde kontra sa a yon lòt jan, li modènize tèm ak kondisyon yo epi li ankouraje inovasyon lè li bay fabrikan yo plis fleksibilite pou pwopoze nouvo lide. Plis pase 60 pousan nan espesifikasyon teknik yo kounye a baze sou pèfòmans olye yo baze sou konsepsyon, epi pou premye fwa, kondisyon yo mande pou moun k ap soumèt pwopozisyon yo prezante previzyon sou pri total posesyon an. Efò sa yo mennen nan yon kontra ki pi senplifye, ki adopte yon apwòch ekilibre ant defi kontraktè yo ap fè fas kounye a ak asire ke Otorite a kenbe zouti nesesè li genyen pou garanti livrezon alè vagon kalite pasaje yo merite.

Kontra istorik sa a pou vagon yo ta ka ranplase jiska 36.4 pousan nan tout flòt metwoè a — 17.3 pousan ak sèlman kòmand debaz la. Tout flòt metwo a gen 6,574 vagon. Nouvo vagon yo pral amelyore fyabilite a anpil, avèk yon distans mwayèn ant pann (MDBF) ki pi wo — yon mezi ki montre konbyen tan yon vagon ka fonksyone san pwoblèm, reparasyon oswa antretyen. R262 a gen yon egzijans MDBF 322,000 km (200,000 mil), konpare ak mwayèn 143,000 km (89,000 mil) pou R62/R62A yo. Amelyorasyon sa a pral diminye kantite pwoblèm kliyan yo rankontre pandan trajè a epi li pral diminye tan yo retire vagon yo nan sèvis.

Demann Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) an dekri lòt espesifikasyon teknik ki fèt pou amelyore efikasite, sekirite, pèfòmans ak eksperyans kliyan an. Sa yo gen ladan yo sistèm anons ki pi bon kalite, ansanm ak aparèy asistans odyo ki pèmèt pasaje ki gen pwoblèm tande konekte ak aparèy pèsonèl yo, tankou aparèy pou tande. Anplis, RFP a dekri ke pwochen kòmand lan pral genyen yon kantite tren ak pasaj ouvè ant vagon yo ki poko detèmine, sa ki ta yon premye nan Divizyon A, sa vle di liy nimewote yo. Amelyorasyon efikasite yo gen ladan enstalasyon yon sistèm otomatik pou konte pasaje yo (Automatic Passenger Counting, APC) ak yon kontwòl frenaj elektrik pou fè ekonomi gras ak yon kantite pyès ki pi piti. Espesifikasyon sekirite yo gen ladan kamera abò menm jan ak sa yo ki deja enstale sou flòt tren anba tè ki egziste deja a, ansanm ak CCTV (kamera videyo-siveyans) bò rebò platfòm abò, epi tou yon seri elektwonik pou anpeche aksè san otorizasyon nan kabin chofè a.

Pwopozisyon yo dwe remèt anvan 8 septanm 2026, epi yo prevwa kontra a pral fèt nan kòmansman ane 2028.

RFP sa a vini apre anons mwa pase a, lè Prezidan ak Direktè Egzekitif MTA a, Janno Lieber, te nonmen Jessie Lazarus pou konstwi epi dirije yon nouvo òganizasyon ki pral

gide estrateji materyèl woulan MTA a epi asire yon atansyon espesyal sou acha ak depans pandan tout dire lavi pou byen ki pi estratejik MTA yo, tankou otobis, vagon metwo, ak tren banlye. Kòm chèf nouvo Pwogram Materyèl Woulan an, Lazarus ak ekip li a jere acha tout nouvo vagon metwo, otobis, ak veyikil tren, tankou envestisman 12 milya dola ki nan Plan Kapital 2025–2029 la pou ranplase flòt MTA yo ki fin vye.

Anons sa a vini tou apre MTA a te selebre ouvèti premye sant kalite pa li pou Akseptasyon ak Tès Vagon Tren nan fen ane 2025 la. Enstalasyon sa a pral pèmèt MTA trete nouvo machin metwo yo, lokomotiv travay ak lòt materyèl woulan yo yon fason ki pi efikas nanfè tès yo sou plas epi pou pèmèt antre an sèvis pi vit posib. Sa asire MTA ap prepare pou resevwa pi gwo livrezon nouvo vagon depi lè yo te mete anplas pwogram planifikasyon sistematik envestisman sa a, sa gen plis pase yon jenerasyon.

Jessie Lazarus, Chèf Pwogram Materyèl Woulan MTA a, te deklare, "Sa a pral pi gwo kòmand nouvo vagon metwo nan istwa MTA, epi n ap modènize apwòch nou an pou atire plis konpayi kalifye ke posib. N ap mande endistri a vini ak pi bon lide yo — teknik ak komèsyal — pou satisfè estanda pèfòmans nou yo epi ede MTA a bay kliyan nou yo eksperyans transpò klas mondyal yo merite a."

Prezidan Transpò an komen Vil Nouyòk la, Demetrius Crichlow, te deklare, "N ap pale sou ranplasman vagon ki la depi ane 1980 yo — èske gen lòt moun toujou k ap kondi vagon ki gen 40 an? Menmsi nou rive atenn yon nivo pèfòmans alè ak istorik pandan n ap ajoute plis sèvis ak flòt sa a, li lè pou nou antre nan epòk modèn nan. Epi sant akseptasyon ak tès vagon tren nou an, ki se premye nan kalite li, sèvi kòm yon senbòl pou Nouyòkè yo ke nou pran angajman nou oserye pou reyalize pwomès acha istorik sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU